

**Piwulang Agama Sajrone Naskah Darah Murtasiyah (Titingan Filologi)**

**Enggar Sosotyarningsih**

S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

[enggarfirga@gmail.com](mailto:enggarfirga@gmail.com)

**Dra.Hj. Sri Wahyu Widayati, M.Si**

Dosen Jurusan S1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

**Abstrak**

Jagading sastra kang jembar minangka asiling kasusastran Jawa kang tuwuh ing masyarakat. Kasusastran Jawa ora bisa uwal saka masyarakat lan panguripane. Kasusastran mujudake pangilon saka kedadeyan-kedadeyan nyata sajrone uripe manungsa. Mula anane kasusastran tuwuh ing madyane bebrayan ora uwal saka pangripta lan masyarakat. Pangrembakane kasusastran gumantung saka masyarakat panyengkuyunge. Undheraning prekara kang pinilih sajrone panliten yaiku: (1) Kepriye wujud lan isi naskah *Cerita Darah Murtasiyah*, (2) Kepriye suntingan teks naskah *Cerita Darah Murtasiyah*, (3) Kepriye piwulang agama sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah*. Kanthi undheraning panliten, mula bisa dijupuk ancasing panliten ing antarane: (1) Jlentrehake wujud lan isi naskah *Cerita Darah Murtasiyah*, (2) Ngandharake suntingan teks naskah *Cerita Darah Murtasiyah*, (3) Ngandharake piwulang agama kang kinandhut sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah*. Paedahing panliten iki kang utama yaiku asiling panliten dikarepake nduweni piguna lan *referensi* sastra kang gegayutan karo naskah lawas. Kajaba iku panliten iki bisa kanggo piranti kanggo nguri-uri kasusastran Jawa lan piwulang agama kang kinandhut sajrone naskah uga bisa menahi kawruh tumrap para pamaca supaya bisa nyinaoni luwih jero maneh kawruh agama. Kanggo ngonceki undherane panliten ngenani naskah *Cerita Darah Murtasiyah* iki nggunakake teori filologi, struktur puisi, piwulang agama. Teori kang digunakake sajrone panliten yaiku teori filologi modern lan struktur puisi. Konsep piwulang agama digunakake kanggo medharake isi kandhutan sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah*. Panliten iki nggunakake metode *deskriptif analitik*, sajrone kritik teks nggunakake pamarekan filologi modern kanthi edisi diplomatik. Teori kang digunakake yaiku teori *hermeneutika* kanthi napsirake makna kang ana sajrone teks. Data-data sajrone panliten iki dikumpulake kanthi *teknik kartu data lan catatan* kang nggunakake kartu pangumpul data sarta buku cathetan. Asiling panliten nuduhake deskripsi naskah, wujud naskah, suntingan naskah, sarta isine naskah *Cerita Darah Murtasiyah*. Piwulang agama sajrone panliten iki diperang dadi telung wujud yaiku syariah, akidah lan akhlak. Syariah sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* yaiku nindakake shalat, maca syahadat nindakake dzakat, mangun bale wisma, rasa welas marang anak yatim, tobat, narima karsaning Allah. Sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* iki kang kalebu bab akidah yaiku pangriptaane donya lan saisine, anane dina kiyamat, anane malaikat. Akhlak sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* yaiku ngabekti marang Gusti Allah, ngabekti marang wong lanang sajrone balewisma, narima ing pandum, jujur, sabar, budi luhur. Piwulang agama diajab supaya dadi sarana panggulawentah tumrap sakabehe manungsa ing donya bisa ngecakake laku bener lan pener sajrone urip bebrayan.

**Tembung wigati:** piwulang agama, filologi, hermeneutika.

## Purwaka

Jagading sastra kang jembar minangka asiling kasusastran Jawa kang tuwuh ing masyarakat. Kasusastran Jawa ora bisa uwal saka masyarakat lan panguripane. Kasusastran mujudake pangilon saka kedadeyan-kedadeyan nyata sajrone uripe manungsa. Mula anane kasusastran tuwuh ing madyane bebrayan ora uwal saka pangripta lan masyarakat. Dene, pangrembakane kasusastran gumantung saka masyarakat panyengkuyunge. Saya luhur peradapane masyarakat saya ngrembaka kasusastrane. Kasusastran Jawa wus ngrembaka wiwit jaman Jawa Kuna, iki mono mujudake yen masyarakat Jawa wiwit jaman Jawa Kuna wis nduweni peradapan kang luhur.

Naskah *Cerita Darah Murtasiyah* ditulis dening Bapak Nabatih kasimpen ing museum Mpu Tantular Sidoarjo. Naskah *Cerita Darah Murtasiyah* dumadi saka rong bageyan yaiku bageyan kapisan nggunakake aksara Arab mawa basa Jawa (aksara Pegon) dene bageyan kalorone nggunakake basa Arab mawa aksara Pegon. Naskah kasebut dumadi saka rolas pupuh tembang macapat utawa tembang cilik yaiku Asmarandana, Pangkur, Seti, Irtati, Sinom, Durma, Dandhanggula, Sekarngi.

Naskah *Cerita Darah Murtasiyah* minangka objek panliten linandhesan saka telung perkara. Sepisan, amarga durung ana kang nitingi naskah. Kaping pindho, naskah iki mujudake salah sawijine naskah lawas kang ngandhut nilai luhur. Kaping telu, naskah iki ngandhut piwulang agama kang bisa menehi tuntunan lan kawruh tumrap masyarakat, supaya bisa ngecakake laku bener lan pener sajrone panguripan lan bebrayan. Kanthi cara nliti naskah kasebut diajab bisa nepungake marang masyarakat, saengga para bisa ngajeni mararang naskah-naskah kuna.

Panliten tumrap naskah nduweni tujuwan supaya bisa menehi sumbang sih kawruh lan telaah naskah kang ngandharake babagan piwulang agama. Adhedasar lelandhesan panliten sadurunge undheraning prekara kang pinilih sajrone panliten yaiku: (1) Kepriye wujud lan isi naskah *Cerita Darah Murtasiyah*, (2) Kepriye suntingan teks naskah *Cerita Darah Murtasiyah*, (3) Kepriye piwulang agama sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah*. Kanthi undheraning panliten, mula bisa dijupuk ancasing panliten ing antarane: (1) Jlentrehake wujud lan isi naskah *Cerita Darah Murtasiyah*, (2) Ngandharake suntingan teks naskah *Cerita Darah Murtasiyah*, (3) Ngandharake piwulang agama kang kinandhut sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah*. Paedahing panliten iki kang utama yaiku asiling panliten dikarepake nduweni piguna lan *referensi* sastra kang gegayutan karo naskah lawas. Kajaba iku panliten iki bisa kanggo piranti kanggo nguri-uri kasusastran Jawa lan piwulang agama kang kinandhut sajrone naskah uga bisa menehi kawruh tumrap para pamaca supaya bisa nyinaoni luwih jero maneh kawruh agama

## METODE

Panliten iki yen diwawas saka objek panlitene yaiku naskah lawas kalebu panliten deskriptif analitik. Panliten deskriptif analitik mujudake sawenehing metodhe kang ditindakake kanthi cara deskripsiake kasunyatan-kasunyatan banjur diwenehi tintingan (Ratna,2009:53). Kanthi panliten deskripsif analitik diajab panliten iki bisa menehi gambaran kang cetha lan objektif ngenani piwulang agama sajrone naskah. Panliten deskriptif analitik uga nduweni tujuwan kanggo mangerteni bab-bab sing dumadi dening subjek panliten kanthi deskriptif lan analisis. Panliten iki uga nggunakake ancangan instrinsik kang nengenake bab piwulang agama.

Studi filologi kang bakal digunakake sajrone panliten iki yaiku studi filologi modern. Miturut Subandiyah, (2010 :47) filologi modern yaiku telaah naskah kang ditintingi adhedasar kawruh sastra. Kajaba iku kanggo ngonceki bab piwulang agama sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* bakal ditintingi nggunakake metode hermeneutika. Metode hermeneutika dianggep paling trep kanggo ngonceki naskah iki kang mbutuhake penapsiran. Kanthi nggunakake metode hermeneutika diajab bisa mangerteni makna lan isi kang kinandhut sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah*.

Sumber data sing digunakake sajrone panliten iki yaiku naskah lawas kanthi irah-irahan “Cerita Darah Murtasiyah”. Naskah kasebut disimpen ing Museum Mpu Tantular, Sidoarjo, Jawa Timur kanthi nomer inventaris 2063 m. Naskah iki ditulis tangan dening Bapak Nabatih kanthi nggunakake aksara Arab basa Jawa (Arab Pegon). Naskah *Cerita Darah Murtasiyah* ditulis kanthi wujud tembang cacah 12 pupuh lan 77 kaca. Sumber data ing panliten iki yaiku foto kopian naskah *Cerita Darah Murtasiyah* saka Museum Mpu Tantular.

Data mujudake sawenehing bahan kang bakal ditintingi. Data sajrone panliten arupa tembung-tembung, apa iku arupa frasa, klausa, lan ukara kang asale saka naskah *Cerita Darah Murtasiyah*. Data-data kang kajupuk gegayutan karo piwulang agama sing dadi underan panliten. Instrumen panliten sing digunakake sajrone panliten iki yaiku panliti. Panliti mujudake instrumen utama sajrone panliten iki. Panliti dadi instrumen utama jalaran panliti sing tumindak minangka pangumpul data, nganalisis data, nafsirake data

Tata cara pangumpulan data bisa ditindhakake kanthi teknik, ing antarane (1)Teknik inventarisasi yaiku teknik kang digunakake kanthi cara ngumpulake buku-buku kapustakan lan data-data kang saemper karo tujuwan panliten. Data-data kasebut asale bisa saka katalog naskah kang ana ing kapustakan, universitas, lan museum. (2) Teknik maca yaiku kanthi cara maca naskah lan sawarnaning kapustakan kanggo ngolehake data-data kang laras sarta nyengkuyung marang panliten. Teknik maca ing kene nggunakake pikiran lan pangrasa kanthi cara kritis kanggo nemokake lan ngrembakakake salahsawijining konsep kanthi cara mbandingake isine teks sastra kang diwaca kanthi ilmu, pengalaman sarta kasunyatan liya kang diweruhi pamaos kanggo menehi

identifikasi, mbandingake, ndudutake, lan menahi pambiji. (3) Teknik cathet yaiku teknik kang ditindakake kanthi maca teks naskah *Cerita Darah Murtasiyah* sakabehane lan menahi tandha utawa cathetan tartamtu. Iki ditindakake supaya luwih gampang anggone nitingi data kang dibutuhake sajrone kitab mau. Sistem nyathet iki nganggo kartu lan buku cathetan. Kartu digunakake nyathet sata kang padha karo perkara kang bakal diandharake.

Teknik ngolah data digunakake kanggo njawab apa kang ana sajrone undheraning panliten.. Trap-trapan panliten ing panliten iki nggunakake sawenehing cara kang dianggep laras klawan sipate panliten. Kanthi nggatekake objek panliten kang arupa teks naskah lawas, mula trap-trapan panliten yaiku: (1) Maca Naskah, Panliti kudu nindakake pakaryan maca naskah *Cerita Darah Murtasiyah*. Anggone maca naskah saka wiwitan kanthi pungkasan naskah. Anggone maca naskah supaya bisa dimangerteni isi naskah kanthi wutuh lan cetha. (2) Deskripsi Naskah, deskripsi naskah nduweni tujuan kanggo ngandharake gegambaran naskah marang pamaca ngenani kahanane naskah. Deskripsi naskah yaiku andharan ngenani kahanan fisik naskah kang dadi objek panliten. (3) Transliterasi Naskah, transliterasi naskah ditindakake supaya bisa nepungake teks-teks lawas supaya bisa diwaca lan dimangerteni masyarakat ing bebrayan agung. Transliterasi iki ora mung kanggo mindhah lan ngganti aksara-aksara lawas wae, nanging uga kanggo ngganti aksara tartamtu saka sawijining bangsa nganggo aksara liya supaya bisa dimangerteni. (4) Nyunting Naskah yaiku ilmu filologi kang digunakake kanggo nyepakake naskah utawa manuskrip kang dianggep dadi lelandhesan panliten. Amarga sajrone panliten iki ngandharake ngenani suntingan teks naskah Syeh Ngarip. Naskah iki ditliti tanpa mbandingake naskah liyane kang sajinis, amarga panliten iki ora nengenake naskah kang nyedhaki asline. (5) Ngolah Data Yaiku tembung-tembung kang ngandhut piwulang agama dadi pangolahing data sajrone panliten iki. Piwulang agama kang tinemu sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* yaiku nilai keslametan lan nilai kasampurnan. Saka sub-bab iku dhata bakal diperang maneh cunduk lan slaras karo bab piwulang agama. Panliten iki nggunakake metode Hermeneutika. Hermeneutika digunakake sajrone panliten amarga mbutuhake penapsiran supaya bisa mangerteni lan mikolehi isi kang kinandhut sajrone naskah.

## ANDHARAN

### A. Deskripsi Naskah lan Suntingan Teks

#### 1. Deskripsi Naskah

Deskripsi naskah mujudake andharan ngenani sakabehe babagan kang gegayutan karo kahanane naskah. Kahanan kang dimaksud yaiku kahanan fisik naskah kayata irah-irahane naskah, papan panggonan nyimpen naskah, nomer naskah, asmane penganggit, bahane naskah, ukuran naskah lan cacah kaca, cacah gatra saben sakaca, jinise tulisan, kahanan tulisan, kahanan

naskah lan perangan liyane kang gegayutan (Purnomo,2007 : 33-34). Deskripsi ngenani naskah kaleksanan supaya nggampangake anggone nindakake panliten sabanjure .

#### 1) Irah-irahane Naskah

Irah-irahane naskah digunakake kanggo ngarani titikane sawijining naskah. Purnomo (2013 : 163) ngandharake ora kabeh naskah lawas medharake irah-irahan naskah sajrone teks kang sumimpen. Irah-irahane naskah bisa ditemtokake adhedasar manggala utawa kolofon naskah. Irah-irahan naskah saka katrangan adhedasar pamawas museum yaiku *Cerita Syeh Ngarip* nanging saka pamawas panliti kang lelandhesan pethikan sajrone naskah yaiku *Cerita Darah Murtasiyah*. Naskah kanthi irah-irahan *Cerita Darah Murtasiyah* punika asale saka jenenge paraga utama kang dicitakake sajrone naskah yaiku Darah Murtasiyah. Darah Murtasiyah minangka paraga utama sajrone naskah iki bisa dimangerteni saka pethikan ing dhuwur. Darah Murtasiyah minangka conto tauladan kanggo para wanita kang ngabekti marang garwane. Darah Murtasiyah nduweni wewatekan sabar, nrima ing pandum, ngabekti marang Gusti Pengeran lan bojone. Mula naskah iki diwenehi irah-irahan *Cerita Darah Murtasiyah*.

#### 2) Panulis lan Wektu Panulisan Naskah

Naskah *Cerita Darah Murtasiyah* iki tinemu ing Museum Mpu Tantular kanthi nomer inventaris 2063m. Naskah iki ketrima ing Museum udakara taun 1991 miturut katrangan kang ana ing bageyan ngarep naskah.

Panulis naskah yaiku pawongan kang kawitan nulis naskah. Ana uga karya sastra utawa naskah kang jeneng pangriptane diripta kanthi sandi asma lan sapanunggal. Panulis lan wektu penulisan naskah tinemu ing bageyan manggala utawa kolofon naskah. Manggala yaiku bageyan bebukaning naskah kang arupa puji-pujian.Kolofon yaiku bageyan pungkasane naskah kang arupa cathetan.

Naskah *Cerita Darah Murtasiyah* iki menahi katrangan wektu kang cetha ana ing bageyan kolofon naskah. Naskah iki katulis ing dina Senin tanggal 9 sasi Dulqo'idah lan taun Jim akhir utawa tanggal 9 sasi Sela taun 1946. Dene, pangripta yaiku bapak Nabatih kang diceritakake kanthi cetha kahanane kang wis tuwa lan ora mangerti bab basa Jawa lan Arab.

#### 3) Kahanan Naskah

##### a. Papan Panggonan Nyimpen Naskah

Naskah *Cerita Darah Murtasiyah* iki ditemokake ana ing Museum Mpu Tantular kanthi nomer inventaris 2063 m. Naskah iki ketrima ing Museum Mpu Tantular sawetara taun 1991 miturut katrangan kang ana ing bageyan ngarep naskah.

##### b. Kahanan Tulisan Naskah

Naskah *Cerita Darah Murtasiyah* ana 77 kaca kang keperang dadi rong bageyan.Bageyan kang kapisan iku ana 34 kaca kang nggunakake tulisan Arab Pegon kang isine ngenani cerita Darah Murtasiyah. Dene bageyan kalorone ana 43 lembar uga nggunakake tulisan Arab

Pegon kang isine ngenani piwulang-piwulang sajrone agama Islam.

Kahanan tulisan Naskah Cerita Darah Murtasiyah kanthi umume isih cetha lan bisa kawaca senajan ana perangan sajrone naskah tulisane mblobor utawa reget. Tulisan sajrone naskah iki isih ditulis tangan. Tulisane jejeg,rapi lan aksarane sedhengan.

#### 4) Wujude Naskah

Naskah Cerita Darah Murtasiyah iki arupa crita kanthi wujud tembang macapat. Tembang macapat iku ana 11 yaiku Dhandanggula, Sinom, Asmarandhana, Kinanthi, Pangkur, Durma, Mijil, Pucung, Maskumambang, Gambuh, Megatruh. Naskah Cerita Darah Murtasiyah iki ana 12 pupuh lan saben pupuh nduweni pada dhewe-dhewe. Susunan pupuh lan cacahing pada sajrone naskah cerita Darah Murtasiyah, yaiku:

**Tabel 4.1: Susunan Pupuh lan Pada Sajrone Naskah**

No	Nama Pupuh	Jumlah Pada	Jumlah Larik
1.	Asmaradana	22	7
2.	Pangkur	7	7
3.	Seti	5	6
4.	Irtati	28	Rata-rata 11
5.	Sinom	8	9
6.	Durma	18	7
7.	Dandhanggula	10	9, kajaba bait 10 ana 8 larik
8.	Asmaradana	44	7,kajaba bait 23 amung 4 larik
9.	Pangkur	21	7
10	Durma	13	7
11	Sekarngi	41	7, kajaba bait 27, 29, 32, ana 8 larik
12	Asmaradana	64	7

Naskah Cerita Darah Murtasiyah nduweni ukuran tartamtu lan cacah kaca. Ukuran lan cacah kaca sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* diandharake kanthi cetha ing ngisor iki:

**Tabel 4.2 : Ukuran lan Cacah Kaca Sajrone Naskah**

No	Bab	Andharan
1.	Cacah kaca	Ana 77 kaca
2.	Ukuran ndhuwur	$\pm 1,5$ cm
3.	Ukuran ngisor	$\pm 1,5$ cm
4.	Ukuran tengen	$\pm 2,5$ cm
5.	Ukuran kiwa	$\pm 1,5$ cm
6.	Kandele naskah	1cm
7.	Dawane kertas	15cm
8.	Ambane kertas	21cm
9.	Cacah larik saben kaca	Bageyan kapisan: 13 larik Bageyan kapindho : ora tamtu
10.	Dawane ukara saben larik	11cm
11.	Ambane tulisan	$\pm 0,3$ cm

#### 5)Kahanan Fisik Naskah

Kahanan naskah *Cerita Darah Murtasiyah* isih jangkep isine nanging tanpa samak. Warnane naskah ireng amarga jamuren lan wis manguning. Ana saperangan kang wis bolong cilik-cilik amarga dipangan kewan,saengga ana kang ora bisa kawaca. Pinggire naskah wis rusak, daluwang katon nglinting-nglenting nanging isih utuh. Iki mono mertandhani yen naskahe wis lawas. Teks sajrone naskah isih bisa kawaca kanthi cetha, masiya ana saperangan kang ora kawaca amarga bolong-bolong.

#### 6) Basa Naskah

Sakabehe karya sastra migunakake basa kanggo sarana medharake isi lan pamikiran pangripta. Basa nduweni fungsi kang utama yaiku minangka sarana kanggo medharake isine karya sastra marang pamaca. Basa sastra yaiku basa kang asipat khas, kang digunakake sawijine pangripta. Basa kang digunakake sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* jinise ana 3, yaiku : basa Jawa Anyar, Basa Kawi, basa Arab. Basa utama kang digunakake yaiku basa Jawa Anyar denen basa kawi lan basa Arab mung digunakake saperangan. Basa Arab ing kene digunakake amarga sajrone naskah iki ngandharake ngenani piwulangan agama Islam. Basa sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* bakal diandharake luwih cetha ing bab sabanjure :

### a. Basa Jawa Anyar

Basa Jawa Anyar yaiku basa kang lumrah digunakake ing sajrone panulisan kasusastran Jawa Anyar. Basa Jawa minangka basa kang utama digunakake kanggo medharake naskah. Basa Jawa Anyar kang digunakake sajrone naskah Syeh Ngarip yaiku basa ngoko lan basa krama. Basa ngoko sajrone naskah iki ana basa ngoko lugu lan ngoko alus. Tetembungan basa jawa ngoko yaiku : lan, bener, ing sabene, karyane, yen, dukohne, nyana. Dene tuladhane basa Jawa Krama ditandhani anane tetembungan : salaminipun, kesah, lampahipun, sampun, mantuk, nulya adhahar, dadaharan, sakayunipun, mangke, kawula, lsp. Saka tuladha tetembungan iki bisa dimangerteni yen basa kang utama sing digunakake basa Jawa Anyar.

### b. Basa Kawi

Tembung kawi minangka tetembungan kang biyasa digunakake kanggo nulis naskah arupa lontar lan prasasti jaman pamarentahan Hindu. Tembung kawi asale saka basa Sansekerta “kavya” kang tegese kakawin utawa syair. Tembung kawi mujudake ragam tetembungan kang ana sajrone karya-karya sastra arupa naskah-naskah keagamaan. Sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* ana tetembungan saka basa kawi iki nuduhake yen nalika jaman iku kaprabawan saka basa kang digunakake ing jaman pamrentahan Hindu. Tetembungan basa kawi kang dianggo nulis tembang iki supaya kanggo nambahi kaendahan sajrone tembang. Tembung kawi kang digunakake sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah*, kayata:

**Tabel 4.3 : Tembung Kawi**

No.	Tembung Kawi	Tembung Jawa
1.	ingsun	kula
2.	mami	hamba
3.	den	kanthi
4.	gita	sya'ir
5.	brangta	sapa ae
6.	sira	kowe
7.	parapting pasepinya	papan nyambut gawe utawa pertapan
8.	angraksa ing pandam	njaga dammar
9.	wawekasingsun	amanat
10.	cacalaton	alesan

11.	datan	ora
-----	-------	-----

Tetembungan kasebut mujudake salahsawijine tembung kawi kang digunakake sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah*. Tembung-tembung kawi kasebut mujudake ragam tetembungan kang digunakake penulis kanggo medharake pamikiran, cipta, rasa lan karsane sajrone naskah. Tembung kawi kang digunakake sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* nuduhake yen penulis mumpuni tembung-tembung kawi.

### c. Basa Arab

Basa Arab sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* iki digunakake kanggo medhar babagan agama Islam. Tembung-tembung Arab ora mung digunakake kanggo medharake isine naskah nanging uga minangka tetembungan kang digunakake kanggo Al-Qur'an, shalat, lan hadist. Para penganut agama Islam samesthine bisa mangerteni basa Arab kang sabendinane digunakake nalika sembahyang lan atur dedonga. Naskah *Cerita Darah Murtasiyah* ana tetembungan saka basa Arab amarga kaprabawan saka agama Islam kang dianut dening panulis. Mula nggunakake basa arab kanggo medharake tuntunan kang gegayutan karo agama Islam. Tuladha tetembungan Arab kang digunakake sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah*, yaiku:

**Tabel 4.4 : Tembung Arab**

No.	Tembung Arab	Tembung Jawa
1.	bismillahirrahmanirrahim	ngucap puji syukur dumateng Gusti Allah
2.	safa'at	pitulungan
3.	Qolbu	ati
4.	Baligh	pawongan kang dianggep wis diwasa utama mumpuni
5.	Qiyamat	pungkasane jaman (jagat saisine)
6.	Shidiq	sipating Allah yaiku waskitha
7.	qur'an	kitab suci agama Islam
8.	Qiblat	madhep Mekah
9.	Nur	cahya
10.	Khilaf	tumindak salah

11.	Syahadat	pujian kagem Rasullullah lan Gusti Allah
12.	masyriq	arah etan
13.	Istigfar	ukara kanngo nyuwun pangapura marang Allah
14.	kafir	wong kang ora ngrasuk agama
15.	ni'matullah	kanikmatan saking Allah

Tembung-tembung Arab sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* iki nuduhake yen naskah kasebut mujudake naskah kang corak religius. Laras karo topik kang diandharake, ngenani piwulang agama, mligine agama Islam sajrone naskah iki.

## B. Piwulang Agama Sajrone Naskah

Adhedasar sinopsis naskah *Cerita Darah Murtasiyah* kang wis diandharake, mula piwulang-piwulang agama sajrone naskah diperang dadi telung wujud, yaiku syariah, akidah, lan akhlak. Andharan bakal dijlentrehake ing bab sabanjure:

### 1. Syariah

Syariah yaiku sakabehe kang cundhuk karo prentah Gusti Allah. Syariah wajib ditindakake dening manungsa kang nduweni akal, kang wus baligh utawa diwasa. Syariah sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* yaiku nindakake shalat, maca syahadat nindakake dzakat, mangun bale wisma, rasa welas marang anak yatim, tobat. Sakabehe syariah bakal diandharake kanthi cetha.

#### a. Nindakake Shalat

Nindakake shalat minangka salahsawijine rukun Islam sing kepingin. Shalat miturut istilahe nduweni teges sawijine perkara kang disusun saka pacelathon lan tindakan sing diwiwiti saka takbiratul ihram lan dipungkasi mawa sala kanthi syarat lan rukun sing wis ditemtokake. Shalat mujudake salah sawijine cara manungsa masyarakat Jawa mligine kang nganut agama Islam anggone manambah marang Allah.

Shalat uga minangka rasa bektine manungsa marang Gusti akarya jagad. Sakabehe manungsa kang nganut agama Islam nduweni jisim lan nyawa anduweni iman, wis baligh, nduweni akal diwajibake nindaake shalat. Manungsa kang ora diwajibake shalat iku wong kapid, wong kang ora nduweni akal utawa diarani wong edan. Wajib tegese kudu ditindakake, mula shalat mungguhe wong Islam kudu ditindakake kanthi syarat kang wus ditemtokake. Nindakake shalat mujudake salah sawijine laku religius kang dilakoni dening manungsa minangka kawulaning Gusti. Shalat nduweni maneka fungsi utawa guna salahsawijine anglebur dusa cilik lan dusa gedhe.

#### b. Maca Syahadat

Maca syahadat minangka sawijine rukun islam minangka syarat kang kapisan dilakoni dening para mukmin nalika mlebu agama islam. Firman Allah uga ana kang nyetakake “ pateni sakabehe manungsa saengga bisa angucap lafadz syahadat, *la ila ha illallah muhammadar rasulullah*, mula dadi haram darah melbu neraka”. Bisa dimangerteni yen lafadz syahadat minangka pengakuan diri sawijine manungsa yen nyembah marang Allah lan ngakoni anane Rasullullah.

Manungsa kang arep melbu agama Islam sapisanan sing kudu dilakoni yaiku angucap lafadz syahadat uga mangerteni maknane. Yen kayata wong bisa ora bisa ngucap nanging ing jero atine wis manteb maca syahadat mula wis bisa diarani yen atine iman marang Allah lan bakal slamet ing tembe. Dene wong kang ora gelem maca lafadz syahadat kasebut mula diarani wong kafir.

Kaya andharane Imam Sanusi, luwih utama andharane sapa wong kang maca *la ilaha ilallah* kaping pitung puluh ewu, yen ketulis dening Malaikat Katib umpama melbu neraka amarga ala kelakuan utawa penggaweyane, mula bakal diapus tulisan kasebut lan diganti melbu suwarga. Kaya mangkono gedhene ganjaran pawongan sing gelem ngamalake syahadat saben dinane. Syahadat minangka rukun islam kang kapisan kang wajib dilakoni. Amarga tembung islam nduweni teges tunduk lan pasrah marang Gusti Allah kanthi rasa tulus lan ikhlas.

Dene tata carane maca syahadat sing becik dilakoni yaiku wudhu nggunakake banyu putih kang resik, nggawe klambi dawa kang suci, munggah ana papan kang sepi lan madhep kiblat sajrone wektu jumedhule srengenge lan sawise ashar, sarta angucap lafadz istigfar sawise kuwi kaping satus, maca shalawat kaping limang atus kanthi ikhlas lan nglalekake perkara donya.

#### c. Mangun Balewisma

Mangun bale wisma minangka sawijine tuntunan agama lan sunah rosul. Manungsa ing donya ana lanang lan wadon kang urip bebarengan padha-padha mbutuhake siji lan sijine. Kanggo nglengkapi sajrone urip bebrayan mula bale wisma iku perlu ditindakake. Akeh hikmah lan ganjaran yen ana pawongan kang mangun wisma. Bale wisma kang tintrim yaiku bale wisma kang tansah setya marang janji suci saka kalorone pasangan kanthi dhasar tuntunan agama.

Bale wisma minangka simbol kasampurnan saka sesambungan keloro manungsa. Kasampurnan iku bisa dipikolehi kanthi cara tansah nindakake urip ing ngalam donya kang cunduk marang syariah agama. Anane bale wisma uga bisa dadi sarana supaya manungsa ora nglakoni zina kang dilaknat dening Allah. Mula mangun bale wisma nduweni akeh keuntungan lan tujuan kang becik tumrap manungsa sajrone urip bebrayan. Sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* uga ngandharake yen manungsa mbutuhake mangun bale wisma kanggo kasampurnan uripe.

#### d. Rasa Welas marang Anak Yatim

Anak yatim yaiku anak kang ditinggalake dening bapake sadurunge dheweke baligh utawa diwasa lan anak kang wus ditinggalake bapake nalika ana ing sajrone kandutan. Anane prentah saka Nabi Muhammad amarga minangka makhluk sosial becike nduweni rasa tulung-tinulung. Supaya anak yatim kasebut ora ngrasa urip dhewean lan sengsara masiya wus ora nduweni bapak.

Prentah lan anjuran saka Nabi Muhammad marang kita yaiku njaga anak yatim aja nganti disiya-siya uripe, aja mangan bandhane anak yatim amarga wong sing mangan bandhane anak yatim ngibarat nyimpen geni sajrone atine nganti tumeka dina kiyamat sing bakal ngobong daginge. Mula sabdane nabi Muhammad yen kita sabisane ngambung siraha anak yatim nganggo tangan, sarta nyisihake rejeki kanggo anak yatim. Aja nganti ngepek bandhane anak yatim sing isih cilik amarga bandhane kuwi ibarate kaya racun. Sapa wong sing mangan bandhane, mula dheweke bakal cepet mati, yen ora mati bakale sumimpen geni sajrone atine tumekan dina kiyamat.

#### e. Narima Karsaning Allah

Manungsa minangka makhluk kang paling sampurna kebak rejeki lan nikmat saka Sang Ilahi. Sakabehe kang ana ing alam donya diripta dening Allah kanggo nyukupi kebutuhan manungsa lan manungsa bisa manambah marang Gusti Akarya Jagad. Sakabehe isining donya iki karipta miturut karsaning Allah. Ora ana kang bisa nandingi kekuwatan lan kekuwasane Allah. Apa kang dadi karsaning Allah, masiya kuwi takdir ala, becik, sugih, mlarat bakal kaleksanan. Manungsa amung bisa nrima apa kang dadi karsaning Allah.

Takdir lan lelakon kang ora bisa ditampa dening manungsa kudu ditrima kanthi ikhlas amarga manungsa ora bisa mangerteni apa kang dadi karep lan lelakon sabanjure. Kadangkala manungsa amung mikir yen takdir ala kuwi amung ala bae, ora mikir yen bakale kuwi sing paling apik kangge dheweke. Allah nduweni takdir kang paling apik kanggo kita minangka makhluk, apa kang katon apik kuwi durung karuwan yen apik kanggo kita. Mula manungsa becike bisa narima apa kang dadi lelakon urip lan karsaning Allah. Sajrone naskah, Darah Murtasiyah nalika ditundhung saka ngomah tanpa meruhi apa kang dadi lupute. Nanging wanita iki tansah nrima ing karsaning Allah, isih manambah marang Allah klawan dedonga lan nindaake shalat. Iki minangka tauladha kanggo kita supaya tansah ileng lan nrima apa kang dadi karsane Allah. Yen kepara kejiret ing sawijne perkara isih nuli ileng lan manambah marang Allah kanthi dedunga. Anane nrima karsaning Allah uga kalebu nyukuri nikmat lan percaya marang takdir kang ginaris kanggo kita.

#### f. Tobat

Tobat diwajibake tumrap sakabehe manungsa, amarga saben manungsa tamtu nduweni dosa. Manungsa tamtu ora sepi saka dosa tegese mesthi nindakake dosa, padha uga dosa cilik utawa gedhe, kanthi sengaja utawa ora sengaja. Tobat yaiku nyuwun pangapura marang Guti

Allah gegayutan klawan dosa kang wus dilakoni kanthi maca istigfar lan ngakehi ngamal becik. Wong kang tobat anggane nyuwun ngapura kudu dibarengi rasa getun, ora arep nglakoni maneh apa kang dosa sing wis ditindhakake. Manungsa kang gelem tobat temenan kanthi nduweni panyana kang bagus marang Gusti Allah, tamtu manungsa mau bakal pikoleh kabegjan ing alam donya lan akherat.

Sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* tobat dilakoni dening Syeh Ngarip nalika meruhi yen pawongan wanita ayu kang mertamu ing ngomahe kuwi bojone dhewe. Darah Murtasiyah nyiritakake lelakon uripe nalika ditundhung saka omah tanpa mangerteni alesan. Lelakon yen apa kang ngowahi praupane iku ora liya karena hidayah saka Gusti Allah lantaran Malaikat Jibril. Banjur, dheweke diutus mbalik mulih kanggo nemoni anak lan bojone. Sanalika trenyuh atine Syeh Ngarip lan nyuwun pangapura marang bojone lan tobat marang Gusti Allah.

## 2 Akidah

Akidah yaiku piwulangan utawa kapercayan marang Allah kanthi ngakoni sakabehe sipat lan wujud Allah. Akidah iku kang nduweni sesambungan karo kekuwasaning Gusti Pengeran lan nuduhake yen Gusti Allah iku ana. Sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* iki kang kalebu bab akidah yaiku pangriptaane donya lan saisine, anane dina kiyamat, anane malaikat. Sakabehe akidah bakal diandharake kanthi cetha.

#### a. Pangriptane Donya lan Saisine

Anane donya lan saisine nuduhake tanda kekuwasane Gusti Allah. Miturut Ki Syeh Bakri ana akeh alam ing donya iki ora kepetung jumlahe. Saperangan ulama uga nduweni panemu kang beda-beda, ana kang nyetakake ana patangpuluh ewu alam, ana wolungpuluh alam, uga ana satus alam. Saben alam ana nabine dhewe-dhewe kaya ing bumi. Miturut andharan sajrone naskah kawiwitan Gusti Allah ngripta sepuluh manuk merak kang warna ijo sing mangan wit-witan. Manuk siji urip sajrone sak mangsa, saengga karipta sepuluh manuk.

Katrangan yen miturut Ki Syeh Bakri akeh alam ing donya sing akehe ora kepetung jumlahe. Slaras marang katrangan kasebut bisa dimangerteni yen ing alam donya iki gedhe banget lan nduweni papan dhewe-dhewe, manungsa ora mangerteni sepira kekuwasane Allah.

Kacarita uga sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* ngenani tandha kekuwasane Allah manut alam lan saisine. Banjur Allah ngripta rong atus wong lanang saka cahya. Saben-saben wong lanang nduweni umur tumekan sepuluh ewu taun lan urip ing saben jaman. Ora diripta wong lanang loro ing saben jaman. Rong atus wong lanang iki dudu jine Nabi Adam uga dudu jine jin. Sawise rong atus wong lanang mati, Allah ngripta maneh wong lanang kanthi asma Adam, kang umure sepuluh ewu taun. Banjur Hawa metu saka lambung kiwane Nabi Adam. Kalorone banjur dinikahake dening Malaikat Jibril, saengga nduweni akeh cucu tumekan saiki.

Bumi ana pitung tingkat. Ing tingkat kapisan iku papan kanggo para nabi. Bumi tingkat loro yaiku papan kanggo neraka. Bumi tingkat telu minangka papan kanggo kelabang lan kalajengking sing gedhene kaya rajane gajah. Saperangan kewan kasebut nduweni buntut sing landhep kaya tombak. Saben sak buntut nduweni telung atus suwidak racun sing awujud kotak.

Ing bageyan bumi paling ngisor dhewe ora ana apa-apa kajaba saperangan sikil sing dawa kaya babah. Ing kono disangga patang puluh ewu sungu sing gedhene sak kebo. Saka sungu siji lan sungu liyane jarake kaya nglakoni pakumbara sawise limangatus ewu. Sikile akeh kaya akehe sungu lan nduweni patangpuluh ewu lisan. Buntute ana ing masyriq lan maghrib sing penggaweyane turu ing watu kaya bumi sap pitu.

### b.Dina Kiyamat

Dina kiyamat yaiku sawijine kedadeyan ajure alam donya sarta isine nalika malaikat israfil nyebul sangkakala ing ngatase prentah Allah. Nalika dina kiyamat teka, ora ana makhluk kang urip kajaba Dzat Allah kang Maha kekal. Nalika sakabehe wus ajur banjur Gusti Allah nyeluk Malaikat Israfil lan mrentahake supaya nyebul sangkakala sing kepindho. Nalika sangkakala diunenake sakabehe umat Gusti Allah bakale tangi lan madhep diadili kanggo mertanggungjawabake sakabehe tingkah polaha nalika urip ing donya.

Miturut naskah *Cerita Darah Murtasiyah* ngandharake yen kiyamat bakal teka ing antarane jarak sewu patang atus taun jarak karo wektu hijrah Nabi Muhammad. Uga ana sing ngandharake sawetara sewu limangatus taun.

Tandha-tandha kiyamat miturut kitab Ma'daniil Ma'lum yaiku: (a) Wong jahil ngaku alim, mulang wong akeh, lembut lan nyenengake ing saben omong, kaya sabdane para nabi, ngaku shiddiq, mulang kanthi *Qur'an* lan manungsa mercayani kuwi. (b) Akeh raja kaya macan, mangan bandhane wong cilik, akeh manungsa nyembah, ngubengi kaya asu mangan bangkai. (c) Masjid lan pucuke dhuwur banget nanging sing shalat jama'ah ing masjid ora akeh. (d) Akeh panggonan dhuwur kanggo ngiyup. (e) Akeh manungsa mangan riba. (f) Akeh manungsa sing ninggalake ilmu. (g) Ana wong wadon numpak jaran, pawakane kaya wong lanang lan wong lanang pawakane kaya wong wadon. (h) Akeh wong kang padha bubarah balewismane. (i) Akeh kuburan sing manggon ana dhuwur lan diapiki. (j) Akeh omongan ngenani donya sajrone masjid. (k) Alane wong alim lan mulyane wong fasik. (l) Manungsa golek panganan kanthi cara ala, wong mlarat dadi kerja, seneng kabeh wong ngutang.

Kkedadeyan-kedadeyan sawise tandha-tandha kiyamat. Kedadeyan-kedadeyan yaiku: Mudune Imam Mahdi ing antarane negara Rukun lan Desa Maqam, metune Dajjal, tumekane Nabi Isa, jumedhule Yakjuj Makjuj, banjir gedhe, lemah kebak getih, srengenge lan rembulan jumedhul saka Maghrib, jumedhule Dabbah, anane bencana gedhe. “*Allahul wahidul qahhar, la mu'taridz iradati, la ilaha illa ana, khalaaqa wahalaka*”. Selawase amung Allah kang abadi lan ora ana sisa.

### c.Percaya marang Malaikat

Kapitayan marang anane malaikat iku kalebu rukun iman kang wajib ditindakake dening para mukmin. Yen percaya anane malaikat tegese uga yen manungsa kasebut mercayani anane tandha-tandha kekuwasaane Allah. Malaikat yaiku makhluk kang diripta Allah kang agawe saka nur utawa cahya. Malaikat minangka makhluk Allah kang paling taat, ora tau mblenjani prentah lan nindakake larangan Allah SWT. Malaikat ora mangan uga ora ngombe, ora turu sarta ora nduweni rasa ngantuk, ora nduweni nafsu lan ora bisa dideleng nggawe mripat. Saben malaikat nduweni penggaweyan kang beda-beda manut prentahe Allah.

Malaikat iku jumlahe akeh banget, nanging saka akehe malaikat sing wajib kita mangerteni ana sepuluh. Sepuluh malaikat kasebut yaiku :

- a. Malaikat Jibril : nduweni tugas menahi wahyu marang para nabi lan rosul Allah.
- b. Malaikat Mikail : nduweni tugas ngatur, njaga lan nggawa riski.
- c. Malaikat Izrail : nduweni tugas njabut nyawa sakabehe makhluk ing donya.
- d. Malaikat Israfil : nduweni tugas nyebul terompet nalika dina kiyamat sarta nggugah roh saka alam kubur.
- e. Malaikat Raqib : nduweni tugas nyatet amal apike manungsa.
- f. Malaikat Atid : nduweni tugas nyatet amal alane manungsa.
- g. Malaikat Munkar : nduweni tugas nakoni bab keimanan manungsa ing alam kubur.
- h. Malaikat Nakir : nduweni tugas nakoni bab keimanan manungsa ing alam kubur.
- i. Malaikat Ridwan : nduweni tugas njaga suwarga.
- j. Malaikat Malik : nduweni tugas njaga neraka.

Andharan ngenani malaikat iki cunduk sajrone naskah cerita Syeh Ngarip kang nyetakake amrih kita percaya marang anane tugas lan kewajiban malaikat sing kudu dilakoni ing ngatasi prentah Allah.

### 3 Akhlak

Akhlak yaiku tingkah polah utawa tumindak manungsa. Akhlak diperang ana loro yaiku akhlak mazmumah lan akhlak mahmudah. Akhlak mazmumah nduweni teges tumindak kang ala, dene akhlak mahmudah nduweni teges tumindak kang becik. Akhlak sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* yaiku taat lan ngabekti marang Gusti Allah, ngabekti marang wong lanang sajrone balewisma, narima ing pandum, jujur, sabar, budi luhur.

#### a.Ngabekti marang Gusti Allah

Manungsa minangka makhluk Allah akng kacipta paling sampurna tinimbang makhluk liyane. Mula saka kuwi manungsa diwajibake manembah lan taat marang sakabehe prentah Allah. Anane rukun Islam kuwi supaya manungsa manembah lan ngabekti marang Allah. Kanthi ikhlas ngabekti lan mitayani anane Gusti Allah njalari kita bisa urip bebrayan kanthi ayem tentrem lan agawe slamet. Sakabehe manungsa bakal oleh kabecikan lan kabegjan ing alam donya lan akherat kanthi manembah lan bekti ora liya amung Allah.



Sajrone naskah, Syeh Ngarip taat lan ngabekti marang Allah sarana nyuwun ampun marang dusa kang wis dilakoni. Syeh Ngarip isih ileng arep nindakake tobat ing ngatase dusa kang wis dilakoni yaiku mbuwang bojone dhewe kang ngabekti marang Allah. Apa kang dilakoni Syeh Ngarip bisa minangka tauladha kita marih kita taat lan ngabekti marang Allah lan ileng marang prentah lan alangan saka Allah.

#### **b. Ngabekti marang Bojo sajrone Balewisma**

Balewisma kawangun saka dasar rasa tresna kaloro manungsa. Kanggo nglengkapi sajrone urip bebrayan mula bale wisma iku perlu ditindakake. Akeh hikmah lan ganjaran yen ana pawongan kang mangun wisma. Ngabekti marang bojo ing ngatasi wong wadon diwajibake amarga wong wadon iku swarga nunut neraka katut. Wong wadon kang manut lan ngabekti marang bojo bakal oleh ganjaran melbu swarga. Kacarita sajrone naskah Syeh Ngarip uga nyritakake lelakon Darah Murtasiyah kang kaliwat bekti marang Allah lan bojone. Wanita kang ngabekti marang bojone kasebut bisa dadi tauladan sakabehe wanita ing donya yen kita wajib manut marang bojo supaya pikoleh syafa'at saka Allah. Sapa wong wadon kang bekti marang bojone bakal oleh safa'at saka bojone uga saka nabi Rasulullah kaya kang ditindakake dening Fatimah. Wanita kasebut bakal melbu suwarga katut karo bojone. Iku mono bisa dadi anutan sakabehe wanita sadonya supaya manut lan bekti marang bojone.

#### **c. Narima ing Pandum**

Narima ing pandum yaiku nampa sakabehe kang wus diwenehne Allah kanthi ati kang lila legawa ora nresula. Narima ing pandum ora mung narima kang diwenehne, nanging dibarengi karo upaya lan percaya marang Allah. Sakabehe nikmat saka Gurti Allah kuwi nyenengake utawa ora mujudake sawijine nikmat kang paling becik tumpul manungsa.

Manungsa ing ngalam donya iki mung bisa ngupayakake apa kang dadi kecarepane, masrahake sakabehe upaya kang wus ditindakake marang Allah. Allah kang bakal nemtokake sakabehe kang diupayakake kasebut kaleksanan utawa ora kaleksanan. Allah luwih mangerteni apa kang becik kanggo manungsa. Mula saka iku, manungsa kudu nduweni sipat narima ing pandum supaya atine tansah tentrem.

#### **d. Jujur**

Jujur tegese pocapan kang cundhuk karo kasunyatan sebenere. Jujur ngomong apa anane ora ndelikake kasunyatan. Pawongan kang jujur bakale oleh kapercayan saka sapa wae. Jujur kuwi agawe mujur tegese pawongan kang jujur apa anane lan bisa bisa dipercaya bisa nekakake rejeki amarga pikoleh kapercayan. Saliyane oleh kapercayan tinamtu uga oleh ganjaran kang gedhe saka Gusti Allah. Manungsa kang laku jujur pocapan lan atine bakal diasih dening Gusti Pengeran. Sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* tumindak jujur dilakoni dening Darah Murtasiyah nalika ditundhung dening bojone.

#### **e. Sabar**

Sabar tegese sareh anggone nandang lan ora cepak nesune nalika tumindak (Poerwadarminta, 1939:1667). Sajrone urip bebrayan manungsa mesthi apa kang diarani pacoban, kelilit perkara lsp. Pacoban iku maneka warna jinise, ana kang arupa kasenangan lan ana kang arupa kesusahan. Mula sajrone ngadhepi kabeh pacoban iku manungsa kudu tansah sabar.

Wong kang nalika diwenehi pacoban saka Gusti Allah tetep sabar lan tawakal kagolong manungsa kang iman marang Gusti Allah, jalaran pacoban iku diwenehake Gusti Allah kanggo umate supaya manungsa luwih iman sajrone ngadhepi urip. Allah paling seneng marang manungsa kang sabar lan isih iman lan taqwa. Bakal ana ganjaran kang gedhe yen manungsa bisa sabar ngadhepi sakabehe nikmat kang arupa pacoban kasebut.

#### **f. Budi Luhur**

Budi luhur yaiku sipat becik kang ana ing sawijine manungsa. Budi luhur iku nrima ing kahanan sakabehe nikmat kang wis diwenehi dening Allah lan ora nduweni ati kang ala. Apa wae kang kalebu budi luhur yaiku bisa ngendhaleni sipat kang ala kayata drengki, srei, meri lan liya-liyane kang gegayutan karo medharake kalane wong liya lan mamerake kadigdayan dheweke kang paling apik dhewe.

Sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* budi luhur bisa dimangerteni nalika Darah Murtasiyah sawise pikoleh hidayah saka Allah kang bisa ngowahi praupane dadi wanita kang ayu, dheweke manut kandhane Malaikat Jibril yaiku mbalik ing ngomahe marani anak bojone. Nalika marani bojone, Darah Murtasiyah ora kok nduweni ati srei utawa dendam nanging dheweke tansah tinarbuka lan isih gelem nrima apa anane bojone kuwi.

## **PANUTUP**

### **Dudutan**

Adhedasar asiling panliten iki bisa dimangerteni yen naskah *Cerita Darah Murtasiyah* minangka salah sawijine naskah lawas kang awujud tembang macapat. Naskah *Cerita Darah Murtasiyah* ditulis dening Bapak Nabatih kasimpen ing museum Mpu Tantular Sidoarjo. Sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* iki dumadi saka rong bageyan yaiku bageyan kapisan nggunakake aksara Arab mawa basa Jawa (aksara Pegon) dene bageyan kalorone uga nggunakake aksara Pegon. Basa kang digunakake basa utama basa jawa anyar lan kacampanan tetembungan saka basa kawi lan basa Arab. Naskah *Cerita Darah Murtasiyah* iki menahi katrangan wektu kang cetha ana ing bageyan kolofon naskah. Naskah iki katulis ing dina Senin tanggal 9 sasi Dulqo'idah lan taun Jim akhir utawa tanggal 9 sasi Sela taun 1946.

Asiling tintingan naskah *Cerita Darah Murtasiyah* bisa dimangerteni yen karya sastra iki isine ngenani piwulang becik gegayutan karo manungsa, alam lan Gusti Akarya Jagad. Sajrone panliten iki luwih nengenake babagan piwulang agama mligine agama Islam. Slaras karo isi kang kinandhut sajrone naskah kang jlentrehake ngenani babagan piwulang agama kang menahi

panggulawentah tumrap manungsa supaya ngecakake laku bener lan pener.

Piwulang agama sajrone panliten iki diperang dadi telung wujud yaiku syariah, akidah lan akhlak. Syariah yaiku sakabehe kang cundhuk karo prentah Gusti Allah. Syariah wajib ditindakake dening manungsa kang nduweni akal, kang wus baligh utawa diwasa. Syariah sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* yaiku nindakake shalat, maca syahadat nindakake dzakat, mangun bale wisma, rasa welas marang anak yatim, tobat, narima karsaning Allah. Akidah yaiku piwulangan utawa kapercayan marang Allah kanthi ngakoni sakabehe sipat lan wujud Allah.

Akidah iku kang nduweni sesambungan karo kekuwasaning Gusti Pengeran lan nuduhake yen Gusti Allah iku ana. Sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* iki kang kalebu bab akidah yaiku pangriptaane donya lan saisine, anane dina kiyamat, anane malaikat.

Akhlak yaiku tingkah polah utawa tumindak manungsa. Akhlak diperang ana loro yaiku akhlak mazmumah lan akhlak mahmudah. Akhlak mazmumah nduweni teges tumindak kang ala, dene akhlak mahmudah nduweni teges tumindak kang becik. Akhlak sajrone naskah *Cerita Darah Murtasiyah* yaiku taat lan ngabekti marang Gusti Allah, ngabekti marang wong lanang sajrone balewisma, narima ing pandum, jujur, sabar, budi luhur. Piwulang agama diajab supaya dadi sarana panggulawentah tumrap sakabehe manungsa ing donya bisa ngecakake laku bener lan pener sajrone urip bebrayan.

## 6.2 Pamrayoga

Panliten iki isih akeh kekurangan lan adoh saka aran sampurna jalaran panliten iki mung saperangan ngandharake bab unsur religius kang bisa dadi tuntunan tumrap manungsa. Senajan kaya mangkono panliten iki diajab bisa menahi sumbang sih tumrap panliten-panliten naskah tradhisi sabanjure.

Nliti naskah-naskah lawas minangka sawijine upaya kanggo ngleluri asil kabudayan Jawa. Tumrap para pamaca diajab bisa menahi pikiran anyar nalika ngandharake panliten sabanjure kang bisa nguri-uri asiling kabudayan Jawa awujud karya sastra.

## KAPUSTAKAN

- Baried, SitiBaroroh B. 1983. *PengantarTeoriFilologi*. Jakarta: PusatPembinaanandanPengembanganBahasa
- Darma, Budi. 2004. *PengantarTeoriSastra*. Jakarta :PusatBahasaDepartemenPendidikan Nasional
- Dewi,KusumaSetyoniti.2013. *AspekReligiusSajroningNaskahJakaSeliwah*. Skripsi: tidakditerbitkan
- Djamaris, Edwar. 2002. *MetodePenelitianFilologi*. Jakarta: CV. Manasco
- Endraswara, Suwardi. 2003. *MetodologiPenelitianSastra*. Yogyakarta: Pustaka

- Hadi,Abdul.2004. *Hermeneutika,Estetika, danReligiusitaS*. Yogyakarta: Matahari
- Hutomo, SuripanSadi. 1975. *TelaahKasusastranJawa Modern*. Jakarta: PusatBahasa
- Lathief, Supaat I. 2008. *Sastra: Eksistensialisme-MistismeReligius*. Lamongan: PustakaIlalang
- Mangunsuwito, S.A. 2010. *KamusLengkapBahasaJawa*. Bandung :C.V. YramaWidya
- Moleong, Lexy J. 2005. *MetodologiPenelitianKualitatif*. Bandung: PT. RemajaRosdakarya
- Nurgiyantoro, Burhan. 2009. *TeoriPengkajianFiksi*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press
- Poerwadarminta, W.J.S. 1994. *BaoesastraDjawi*. Djakarta: Djambatan
- Purnomo, S. Bambang. 2007. *FilologidanStudiSastra Lama (SebuahPengantarRingkas)*. Surabaya: Bintang
- Purnomo, S. Bambang. 2011. *KesastraanJawaPesisiran*. Surabaya :Bintang
- Ratna, NyomanKutha. 2011. *Teori, MetodedanTeknikPenelitianSastra*. Yogyakarta: PustakaPelajar
- Santosa, ImanBudhi. 2012. *SpiritualismeJawa (Sejarah, Laku, danIntisariAjaran)*. Yogyakarta :MemayuPublising